

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan anu judulna “Novél *Rusiah Stola Bungur* karya Ati S. (Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra)” miboga tujuan pikeun nganalisis struktur carita sarta psikologi sastra anu aya dina ieu novél. Anu jadi objék dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Rusiah Stola Bungur* karya Ati S. nu maluruh struktur carita (téma, fakta carita, jeung sarana sastra). Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tiori Robert Stanton jeung tiori Psikoanalisis Sigmud Freud. Méthode anu digunakeun nyaéta déskriptif analisis kalawan téhnik studi pustaka.

Struktur carita anu nyampak dina ieu carita nyaéta téma, fakta carita, jeung sarana sastra. **Téma** anu aya dina ieu carita nyaéta “misteri”. Lantaran dina jalan carita ngungkab rusiah palaku jeung motip sabenerna dina kasus maotna Mamih Sully. Ieu téma téh ngawengku surat keur Rizal jeung balikna Irwan ka lembur, masalah Mamih Sully jeung Oom Buldan, Héрни nyaritakeun kumaha perasaanna salila rumah tangga jeung Oom Buldan ka Rizal, masalah surat pausahaan jeung kapanggihna stola bungur, mamih sully maot, kajadian saméméh kasus maotna Mamih Sully, motip terduga kasus maotna Mamih Sully, tersangka ogé status hubungan kulawarga Mamih Sully, jeung maotna Sunarti ogé Irwan males pati indungna. **Fakta Carita** ngawengku galur, palaku, jeung latar. **Galur** anu digunakeun nyaéta galur mérélé, anu tahapanana ngaruntuy di awal-tengah-ahir. Timimiti ngawanohkeun palaku, mimiti ayana pasualan, puncak pasualan, nepi ka tahap akhir nyaéta méréskeun masalah. **Palaku** dina ieu carita aya 12 urang palaku. palaku utama dina novél *Rusiah Stola Bungur* aya dua urang, nyaéta Rizal salaku palaku utama kahiji anu matotoskeun pasualan nu aya dina jalan carita. Irwan salaku palaku utama kadua nu nyababkeun ayana pasualan. Palaku tambahan na aya Oom Buldan, Mamih Sully, Héрни, Bi Épon, Bah Undi, Unay, Ki Alpi, Tukang Warung/Imoh, Kaptén Suhéndar, jeung Serma Karmin. **Latar** dina ieu novél kabagi jadi tilu, aya latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Aya salapan latar tempat anu kapanggih dina ieu carita, nyaéta di kamar Rizal, di imah

Bah Undi, di kamar, di kamar Mamih Sully, di rohangan paranti ngariung, di kebon téh, di warung, di Situ Nyonya, di Leuweung Nangsi. Aya lima latar waktu anu kapanggih dina ieu carita nyaéta jam satengah dalapan, beurang, peuting, soré, jeung isuk-isuk. Latar sosial anu kapanggih dina ieu carita nyaéta Latar sosial nu digambarkeun dina novél *Rusiah Stola Bungur* nyaéta nu ngagambarkeun kahirupan taun 1990 anu masih nyekel status sosial golongan ménak jeung cacah. **Sarana Sastra** anu ngawengku judul, gaya basa, jeung puseur implengan. **Puseur Implengan** anu digunakeun ku pangarang dina ieu carita nyaéta jalma katilu teu kawatesanan. Pangarang ngagambarkeun sakabéh karakter nu aya dina novél sarta ngaposisikeun diri salaku jalma katilu. Jalma katilu didieu sagala apal kana unggal kajadian-kajadian nu dilalakon ku palaku-palakuna, sarta teu ngagunakeun gaganti jalma. **Gaya Basa** anu kapanggih dina ieu carita nyaéta rarahulan, ngaupamakeun, jeung babasan paribasa. **Amanat** dina novél *Rusiah Stola Bungur* nyaéta ulah ngagugu *ego* alatan napsu pikeun nyumponan kabagjaan nu salah.

Dina analisis aspék kapribadian teu sakabéh palaku kapaluruh. Palaku-palaku nu dianalisis aspék kapribadianana tina tilikan psikoanalisis nyaéta palaku-palaku nu watekna katiten jelas. Dumasar kana hasil analisisna, aspék kapribadian Rizal anu kapaluruh nyaéta aspék *id* jeung aspék *super ego*. Aspék kapribadian nu aya dina diri Irwan anu kapaluruh nyaéta nyaéta aspék *id* jeung jeung aspék *ego*. Aspék kapribadian nu aya dina diri Oom Buldan nyaéta aspék *ego*. Aspék kapribadian nu aya dina diri Mamih Sully nyaéta aspék *id* jeung aspék *ego*. Aspék kapribadian nu aya dina diri Héni, anu kapaluruh nyaéta aspék *super ego*.

Dumasar kana sababaraha pedaran, bisa dicindekkeun yén novél *Rusiah Stola Bungur* karya Ati S. miboga struktur carita anu lengkep, sanajan sacara basa masih loba anu kamalayan jeung maké basa ragam loma. Kapribadian palaku atawa tokoh bisa robah gumantung pasualan-pasualan anu keur disanghareupan.

5.2 Implikasi

Implikasi ieu panalungtikan anu medar hasil analisis struktur jeung psikologi sastra dina novél *Rusiah Stola Bungur* karya Ati S. Dumasar kana hasil analisis, ieu panalungtikan tangtu miboga kaonjoyan jeung kahéngkeran. Sanajan ieu

panalungtikan aya kahéngkérana tina sababaraha aspék, salasihijina sumber anu heureut tapi miboga implikasi dina widang paélmuan. Dipiharep bisa nambah pangaweruh ngeunaan élmu kasusastraan jeung bisa ngeuyeuban kamekaran psikologi sastra, hususna dina sastra Sunda.

5.3 Rékoméndasi

Aya sawatara rékoméndasi anu ditepikeun panyusun, pikeun kajembaran panalungtikan sastra nyaéta

- 1) Perlu ayana panalungtikan sastra, ku kituna panalungtik dipiharep leuwih nyuksruk jero kana panalungtikan sastra hususna ngeunaan psikologi sastra.
- 2) Ambahan tiori psikologi sastra anu kawilang jembar, ku kituna panalungtik sastra bisa leuwih ngaéksplor deui tiori ngeunaan psikologi sastra.
- 3) Perlu ayana panalungtikan kaharepna, lantaran ieu panalungtikan mangrupa bagian leutik tina ambahan panalungtikan sastra anu jembar. Ku kituna, pikeun panalungtik sastra satuluyna dipiharep bisa ngagunakeun tiori séjén pikeun ngajembarkeun ulikan ngeunaan sastra.
- 4) Dipiharep masarakat umum bisa gawé bareng dina ngaronjatkeun budaya literasi.